मैथिली रेडियो नाटक

स्वयं सीखू मार्गदर्शिका

लेखन · रूपान्तरण · निर्देशन · ध्वनि-परिकल्पना

रिकॉर्डिङ · सम्पादन · प्रकाशन

मत्तविलास प्रहसनम् आ भगवदज्जुकम् आधारित उदाहरण सहित

गजेन्द्र ठाकुर

सम्पादक, विदेह मैथिली ई-पत्रिका

www.videha.co.in

प्रकाशकीय सूचना

मैथिली रेडियो नाटक — स्वयं सीखू मार्गदर्शिका

© गजेन्द्र ठाकुर, सम्पादक, विदेह मैथिली ई-पत्रिका। सर्वाधिकार सुरक्षित।

मूल संस्कृत प्रहसन “भगवदज्जुकम्”: बोधायन; मूल रचना सार्वजनिक अधिकारमे। मैथिली अनुवाद आ रेडियो-रूपान्तरण: गजेन्द्र ठाकुर।

मत्तविलास प्रहसनम् आधारित उदाहरण संलग्न मैथिली अनुवादपर आधारित अछि; संवाद आ पात्र-क्रम स्रोत सामग्रीक अनुसार सुरक्षित राखल गेल अछि, आ रेडियो निर्माण लेल ध्वनि-संकेत तथा वर्णनात्मक सेतु जोड़ल गेल अछि।

एहि संशोधित संस्करणक अन्तमे विषयक गहन अध्ययन लेल पुस्तक-आधारित ग्रन्थ-सूची जोड़ल गेल अछि।

विषय-सूची

भाग १ · आधार

१. रेडियो नाटक: कानक सिनेमा

२. मैथिली रेडियो नाटकक परम्परा

३. विषय, श्रोता आ अवधि

भाग २ · लेखन आ रूपान्तरण

४. मञ्चसँ माइक धरि: दृश्यकेँ ध्वनिमे बदलब

५. कथा-संरचना आ दृश्य-मोड़

६. मानक रेडियो-पटकथाक ढाँचा

७. पात्रक स्वर-परिचय, स्वर-अभिनय आ पात्र-चयन

८. कानक लेल स्वाभाविक मैथिली संवाद

९. कथावाचक: सेतु, बैसाखी नहि

भाग ३ · ध्वनि आ निर्देशन

१०. ध्वनि-परिकल्पना, वातावरण आ ध्वनिक दूरी

११. सङ्गीत, संक्रमण आ मौन

१२. पूर्वाभ्यास आ निर्देशन

भाग ४ · निर्माण आ प्रकाशन

१३. सरल उपकरणसँ रिकॉर्डिङ

१४. सम्पादन, मिश्रण आ मास्टरिङ

१५. मैथिली उच्चारण, शब्द-निखार आ सुगम्यता

१६. अधिकार, सहमति, श्रेय आ प्रकाशन

१७. प्रसारण आ पॉडकास्ट

भाग ५ · उदाहरण

१८. मत्तविलास प्रहसनम्: हास्य-कथाक ध्वनि-रूप

१९. भगवदज्जुकम्: रूपान्तरण-विधि

भाग ६ · पूर्ण रेडियो-पटकथा

साधु आ वेश्या (भगवदज्जुकम्) — पूर्ण रेडियो नाटक

परिशिष्ट

क. संकेत-पत्रक नमूना

ख. ध्वनि-शब्दावली

ग. निर्माण कार्यपत्र

घ. अन्तिम गुणवत्ता जाँच

ग्रन्थ-सूची

भूमिका

रेडियो नाटक — माने कानक नाटक। एतऽ ने मञ्च अछि, ने प्रकाश, ने वेश-भूषा; अछि केवल स्वर, ध्वनि, सङ्गीत आ मौन। आ तइयो — वा ठीक तेँ — रेडियो नाटक श्रोताक मोनमे एहन दृश्य रचैत अछि जे कोनो मञ्च नहि रचि सकैत अछि। श्रोता अपन कल्पनासँ मञ्च बनबैत छथि, आ कल्पनाक मञ्चसँ पैघ मञ्च संसारमे नहि।

मैथिलीमे रेडियो नाटकक समृद्ध परम्परा रहल अछि, मुदा एकर लेखन-विधिक कोनो व्यवस्थित पोथी मैथिलीमे उपलब्ध नहि छल। ई पोथी सएह अभाव मेटएबाक प्रयास थिक — "स्वयं सीखू" शैलीमे, जतऽ प्रत्येक अध्याय एक डेग अछि आ प्रत्येक अध्यायक अन्तमे अभ्यास।

एहि पोथीक विशेषता अछि एकर उदाहरण। अन्तिम भागमे बोधायनक संस्कृत प्रहसन "भगवदज्जुकम्"क मैथिली अनुवादक पूर्ण रेडियो-रूपान्तरण देल गेल अछि — दू सय पचीससँ बेसी क्रमांकित संकेत (cue) सहित। सिद्धान्त पढ़ू, फेर ओकरा उदाहरणमे प्रत्यक्ष देखू — सएह एहि पोथीक विधि थिक।

मार्गदर्शिकाक उद्देश्य

ई मार्गदर्शिका मैथिली रेडियो नाटक लिखब, रूपान्तर करब, निर्देशन, रिकॉर्डिङ, सम्पादन आ प्रकाशनक सम्पूर्ण प्रक्रिया सिखबैत अछि। संलग्न प्रहसनक पूर्ण रेडियो-रूपान्तर अलग निर्माण-पटकथा रूपमे देल गेल अछि।

एहि मार्गदर्शिकाक उपयोग

एक इकाइ पढ़ू, ओकर अभ्यास पूरा करू, आ तुरन्त छोट दृश्यपर लागू करू। अन्तिम इकाइ धरि रिकॉर्डिङ रोकि नहि राखू। आठम इकाइ धरि एक मिनट केर ध्वनि-दृश्य, आ चौदहम इकाइ धरि सम्पादित पायलट तैयार रहबाक चाही।

सम्पूर्ण निर्माण-शृङ्खला

विचार	पटकथा	स्वर	ध्वनि	सम्पादन	प्रसारण

अभ्यासक मूल चक्र

- केवल दू स्वर आ तीन ध्वनि-संकेत उपयोग कऽ ४५-९० सेकेंडक दृश्य लिखू वा रूपान्तरित करू।
- जोरसँ पढ़ू आ जे बात श्रोता पहिनहिसँ सुनि सकैत छथि, ओकर व्याख्या करैत पाँति हटाउ।
- कच्चा टेक रिकॉर्ड कऽ एहन एक श्रोतापर जाँचू जे पटकथा नहि पढ़ने छथि।

भाग १ · आधार

१. रेडियो नाटक: कानक सिनेमा

रेडियो नाटकक परिभाषा एक पाँतिमे: कथाक एहन प्रस्तुति जे केवल ध्वनिसँ कहल जाइत अछि। एकर चारि उपादान थिक — स्वर (संवाद), ध्वनि-प्रभाव, सङ्गीत, आ मौन। चारिम उपादानकेँ लोक बिसरि जाइत अछि, मुदा मौन रेडियोक सभसँ शक्तिशाली ध्वनि थिक — मृत्युक बाद एक क्षणक पूर्ण मौन जतेक कहैत अछि, ततेक कोनो विलाप नहि।

रेडियो नाटकक सभसँ पैघ शक्ति थिक स्वतन्त्रता। मञ्च पर समुद्र देखाएब कठिन, रेडियोमे एक लहरिक ध्वनि पर्याप्त। मञ्च पर पात्र आकाशमे उड़ि नहि सकैत, रेडियोमे बसातक झोंक आ प्रतिध्वनियुक्त स्वरसँ मृत्युक दूत स्वर्गसँ उतरि जाइत अछि — जेना एहि पोथीक उदाहरण-नाटकमे। जे दृश्य सिनेमामे करोड़ोंक खर्च मँगैत, से रेडियोमे एक ध्वनि-संकेतमे बनि जाइत अछि।

आ एकर सीमा? श्रोता किछु देखि नहि सकैत छथि। तेँ प्रत्येक सूचना — के बाजि रहल अछि, कतऽ अछि, की कऽ रहल अछि — ध्वनिएसँ देबऽ पड़त। एहि सीमाकेँ जे बूझि लैत अछि, से रेडियो-लेखक बनि जाइत अछि; शेष पोथी एही बूझबाक विधि थिक।

मूल सिद्धान्त
रेडियो नाटक स्वर, ध्वनि, सङ्गीत आ मौनक सहायतासँ पात्र, स्थान आ क्रिया रचैत अछि। श्रोता कोठली नहि देखैत छथि; पटकथा एतेक श्रव्य संकेत दैत अछि जे श्रोता अपन मोनमे दृश्य बना सकथि।

श्रवण-परीक्षा
दृश्यक समय आँखि मूनू। की अहाँ बुझि सकैत छी जे पात्र कतऽ छथि, की कऽ रहल छथि, आ की बदलल?

कथा केन्द्रमे: रेडियो नाटकक ध्वनि-त्रिकोण

स्वर	स्थान	क्रिया

अभ्यास

- अभ्यास: आँखि मूनि कऽ कोनो नीक रेडियो नाटक (वा ऑडियो-कथा) सुनू। नोट करू — कोन-कोन ध्वनिसँ अहाँकेँ स्थान, समय आ पात्रक स्थिति बुझाएल?

२. मैथिली रेडियो नाटकक परम्परा

मैथिली रेडियो नाटकक इतिहास आकाशवाणीक इतिहाससँ जुड़ल अछि। दरभंगा आ पटना केन्द्रसँ दशकों धरि मैथिली नाटक, रूपक आ झलकी प्रसारित होइत रहल; कतेको पीढ़ीक मैथिल लेखक-कलाकार एही माध्यमसँ घर-घर पहुँचलाह। विद्यापतिक पदावलीसँ लऽ कऽ सामाजिक प्रहसन धरि — मैथिलीक ध्वनि-नाट्यक विस्तार व्यापक रहल अछि।

आइ ई परम्परा नव रूप लऽ रहल अछि। रेडियोक स्थान पॉडकास्ट, यूट्यूब आ सामुदायिक रेडियो लऽ रहल अछि; स्टूडियोक स्थान मोबाइल आ लैपटॉप। माने — जे सुविधा पहिने केवल आकाशवाणी लग छल, से आब प्रत्येक मैथिल युवक-युवती लग अछि। अभावे अछि तँ विधिक जानकारीक; सएह ई पोथी दैत अछि।

एहि परम्पराक एकटा आओर कड़ी अछि — संस्कृत नाट्यक मैथिली अनुवाद। सूत्रधार-विदूषकक प्रस्तावना, नान्दी, भरतवाक्य — ई सभ भारतीय नाट्यशास्त्रक अंग मैथिली रंगमञ्चकेँ सहजहिं भेटल अछि, आ रेडियो-रूपमे ई सभ अद्भुत काज करैत अछि: सूत्रधार तँ जन्मजात रेडियो-उद्घोषके थिकाह!

अभ्यास

- अभ्यास: अपन क्षेत्रक कोनो वृद्धसँ पूछू — ओ आकाशवाणी पर कोन मैथिली नाटक सुनने छथि? कथा आ कलाकारक नाम नोट करू; ई मौखिक इतिहास सेहो थिक।

३. विषय, श्रोता आ अवधि चुनब

पहिने निश्चित करू जे श्रोता के छथि, ओ की अनुभव वा सीख प्राप्त करथि, आ कार्यक्रम कतेक लम्बा हो। दस मिनट केर विद्यालयी नाटकक संघर्ष पैंतालीस मिनट केर साहित्यिक रूपान्तरणसँ सरल रहत।

एक वाक्यक प्रतिज्ञा लिखू: “ई कार्यक्रम ______ श्रोताकेँ ______ अनुभव/बुझबाक अवसर ______ मिनटमे दैत अछि।”

कार्यक्रमक प्रतिज्ञा

श्रोता	____________________________
परिणाम	____________________________
अवधि	____________________________

४. मञ्चसँ माइक धरि: दृश्यकेँ ध्वनिमे बदलब

मञ्च-नाटककेँ रेडियो-नाटक बनाएब अनुवाद नहि, रूपान्तरण थिक। सात परिवर्तन करऽ पड़ैत अछि:

पहिल — दृश्य-निर्देशक ध्वनि-अनुवाद। "एकटा साधु प्रवेश करैत छथि" आब लिखल जाएत: "ध्वनि: पएरक चाप माटि पर; साधुक स्वर दूरसँ लग अबैत।" प्रत्येक प्रवेश-प्रस्थान डेगक चाप, स्वरक दूरी वा संवादसँ देखाओल जाएत।

दोसर — कथावाचकक नियुक्ति। जे सूचना ध्वनिसँ नहि दऽ सकी — स्थान-परिचय, समय-छलाँग, मनोभाव — से कथावाचक देत। मुदा संयमसँ: कथावाचक सेतु थिक, बैसाखी नहि। जतऽ संवाद वा ध्वनि काज कऽ सकैत अछि, ओतऽ कथावाचक चुप रहत।

तेसर — दृश्य-विभाजन। मञ्चक अंक रेडियोक खण्ड बनत; प्रत्येक खण्डक सीमा पर सङ्गीत-सेतु (५-१० सेकेण्ड) वा वातावरण-परिवर्तन।

चारिम — "स्वगत"क रूपान्तरण। मञ्च पर पात्र कात मुँह कऽ कऽ बजैत अछि; रेडियोमे स्वगत = माइकक बिल्कुल लगसँ, मद्धिम स्वरमे। श्रोता तुरत बूझि जाइत छथि जे ई मोनक बात थिक।

पाँचम — दृश्य-हास्यक ध्वनि-हास्यमे बदलब। जे मजाक देखबा पर टिकल अछि, ओकरा या तँ संवादमे आनू या ध्वनिसँ रचू। उदाहरण-नाटकमे "बाघ" वला दृश्य देखू — मोरक केकारव आ शाण्डिल्यक चीख मिलि कऽ दृश्य बिना देखनहि हँसबैत अछि।

छठम — काट-छाँट। कान थाकि जाइत अछि; रेडियो नाटकक आदर्श अवधि २०-४५ मिनट। जे पाँति केवल मञ्च-सज्जा लेल छल, से हटत।

सातम — स्वर-भिन्नताक योजना। मञ्च पर पात्र देहसँ चिन्हल जाइत, रेडियो पर केवल स्वरसँ; तेँ पात्र-चयनमे स्वरक विरोधाभास अनिवार्य (अध्याय ७)।

> **दृश्य-निर्देशक ध्वनि-अनुवाद**
> मञ्च-निर्देशकेँ ध्वनि, प्रतिक्रिया वा वर्णनमे बदलू। “ओ प्रवेश करैत अछि”क बदला पयरक आहट, दरबज्जा, वातावरणक परिवर्तन वा दोसर पात्रक स्वागत सुनाओल जा सकैत अछि। जखन ध्वनि आ संवादसँ क्रिया स्पष्ट नहि हो, तखने वर्णन उपयोग करू।

नियम

जँ श्रोता क्रिया सुनि नहि सकैत छथि, रेडियोमे ओ क्रिया अस्तित्व नहि रखैत अछि।

मञ्चक क्रिया	श्रव्य प्रमाण
पात्र प्रवेश करैत अछि	पयरक आहट + स्थानक वातावरण
पात्र खसैत अछि	धप्प + साँस + प्रतिक्रिया
भीड़ जुटैत अछि	बहु-स्वर + चलनाइ
राति बदलैत अछि	सङ्गीत-सेतु + वातावरण

अभ्यास

- अभ्यास: कोनो मञ्च-नाटकक एक पृष्ठ लिअ। सातू परिवर्तन लगा कऽ ओकर रेडियो-रूप बनाउ।

५. कथा-संरचना आ दृश्य-मोड़

प्रत्येक दृश्यक भीतर प्रश्न, दबाव आ परिवर्तन रहबाक चाही। स्थिति शुरू भऽ चुकलाक बाद दृश्य आरम्भ करू, कोनो परिवर्तनपर समाप्त करू, आ अगिला स्थान वा समय लेल छोट सङ्गीत-संक्रमण वा ध्वनि-संक्रमण दिअ।

दृश्य-पत्र: हम कतऽ छी? के की चाहैत अछि? बाधा की अछि? कोन श्रव्य घटना दृश्य बदलैत अछि?

दृश्य-पत्र

स्थान	________________________
चाहना	________________________
बाधा	________________________
श्रव्य मोड़	________________________

६. मानक रेडियो-पटकथाक ढाँचा

रेडियो पटकथाक स्वर्ण-नियम: प्रत्येक ध्वनि-घटनाकेँ अपन क्रमांक। संकेत (cue) क्रमांकित रहत — १, २, ३... — जाहिसँ रिकॉर्डिङक दिन निर्देशक कहि सकथि: "संकेत ११२ सँ फेर लिअ।" उदाहरण-नाटकमे २२५ संकेत अछि; एक-एकटा अलग पाँतिमे।

प्रत्येक संकेतक ढाँचा: क्रमांक। स्रोत: सामग्री। स्रोत पाँच प्रकारक — उद्घोषक, कथावाचक, पात्र (कोष्ठकमे भाव-निर्देश सहित), सङ्गीत, आ ध्वनि। सङ्गीत आ ध्वनिक निर्देश सदिखन ठोस लिखू: "उदास सङ्गीत" नहि, "तानपुराक नीच सुर, १० सेकेण्ड, फेर मद्धिम" — जे बजाओत तकरा ठीक-ठीक बुझबाक चाही।

पात्रक भाव-निर्देश छोट आ काजक हो: (हाँफैत), (स्वगत — लगसँ, मद्धिम), (दूरसँ), (चीख)। दूरीक निर्देश रेडियोक अपन व्याकरण थिक — "दूरसँ" माने माइकसँ दूर, "लगसँ" माने माइकक कान लग; एहीसँ श्रोताक मोनमे स्थानक नक्शा बनैत अछि।

पहिल पृष्ठ पर सदिखन रहत: शीर्षक, मूल-श्रेय, पात्र-सूची स्वर-संकेत सहित (कोन पात्रक स्वर केहन), अनुमानित अवधि, आ खण्ड-सूची। उदाहरण-नाटकक पहिल पृष्ठ देखू — ओ एहि अध्यायक जीवन्त नमूना थिक।

प्रारूप

स्पष्ट दृश्य-संख्या, पात्रक नाम, संवाद, सङ्गीत-संकेत, ध्वनि-संकेत, विराम आ मद्धिम/समाप्ति निर्देश उपयोग करू। निर्माण-निर्देश छोट आ बजल जाएबला पाठसँ एकदम अलग रहय।

उदाहरण

उदाहरण: [ध्वनि: पाथरपर तेज पयरक आहट नजदीक अबैत; बामा लग रुकैत]। कापालिक (हाँफैत, नजदीक): “रुक!”

अभ्यास

- अभ्यास: अपन कोनो प्रिय कथाक पहिल दृश्यक दस संकेत लिखू — सभटा पाँच स्रोत कमसँ कम एक-एक बेर प्रयोग करैत।

७. पात्रक स्वर-परिचय, स्वर-अभिनय आ पात्र-चयन

रेडियो पर पात्रक देह स्वरे थिक। तेँ पात्र-चयनक पहिल नियम: विरोधाभास। एक दृश्यक पात्रक स्वर एक-दोसरसँ स्पष्ट भिन्न हो — भारी/पातर, वृद्ध/युवा, तेज/धीर, स्त्री/पुरुष। उदाहरण-नाटकक स्वर-सूची देखू: साधु भारी-धीर, शाण्डिल्य पातर-तेज, दूत प्रतिध्वनियुक्त — तीनू एक संग बजितो अलगे-अलग सुनाइ पड़ता।

स्वर-अभिनयक तीन औजार: गति (धीर स्वर = गम्भीरता; तेज = व्यग्रता), सुर (ऊँच = उत्तेजना; नीच = रहस्य), आ साँस (हाँफब, साँस रोकब, गहींर साँस — भावक सोझ वाहक)। भाव-निर्देश एही तीनूकेँ छूबए।

मैथिली उच्चारणक विशेष ध्यान: श्रुतिमधुर मैथिलीक प्राण ओकर स्वर-लहरीमे अछि — "अछि/छथि"क सहज लय, विभक्तिक कोमलता। अभिनेता ऊँच स्वरमे पाठ करथि आ निर्देशक केवल कानसँ जाँचथि: जे पाँति हिन्दी-सन सुनाइ पड़ए, से फेरसँ।

एक अभिनेता, कतेक पात्र? रेडियोक पुरान चालि: स्वर-भेद साधि कऽ एक कलाकार दू-तीन छोट पात्र निभा सकैत छथि (वैद्य आ दूत जकाँ दूरस्थ जोड़ी) — मुदा एक दृश्यमे आमने-सामने रहनिहार पात्र सदिखन अलग कलाकार।

आत्मा-बदलीक अभ्यास: उदाहरण-नाटकक सभसँ स्वादिष्ट चुनौती। वेश्याक अभिनेत्री खण्ड ६-८ मे "गुरुक चालि" बाजती — शब्द तेज नहि, तौल गम्भीर; आ साधुक अभिनेता "वेश्याक चालि" — कण्ठ वएह, चंचलता नव। दुनू कलाकार एक-दोसरक खण्ड १-५ क अभिनय सुनि कऽ ओकर नकल साधथि — सएह "अदला-बदली"क रहस्य।

> **स्वर-परिचय**
> पात्रसभक नाम बारम्बार कहने बिना हुनकर स्वर अलग चिन्हायल जाय। प्रत्येक पात्रक स्वर-वय, गति, ऊँच-नीच, भावनात्मक आदत, शब्दावली आ मौनक संग सम्बन्ध निश्चित करू।

> **स्वर-पत्र**
> प्रत्येक भूमिकाक लेल लिखू: वय, ऊर्जा, गति, स्वर-ऊँचाइ, बोली, मुख्य व्यञ्जन, भावनात्मक बचाव आ अन्य पात्रसँ सम्बन्ध।

अभ्यास

- अभ्यास: एक्के अनुच्छेदकेँ चारि तरहेँ रिकॉर्ड करू — वृद्ध, युवा, क्रुद्ध, भयभीत। सुनि कऽ जाँचू: बिना बतौने चारू भेद बुझाइत अछि?

८. कानक लेल स्वाभाविक मैथिली संवाद

रेडियो-संवादक पहिल नियम: नाम बजाउ। श्रोता मुँह नहि देखैत छथि, तेँ पात्र एक-दोसरक नाम मञ्चसँ बेसी बेर लेत — "शाण्डिल्य, कतऽ छह?" — आ श्रोता तुरत बूझि जेता जे के उपस्थित अछि। मुदा सन्तुलनसँ; प्रत्येक पाँतिमे नाम कृत्रिम लगत।

दोसर नियम: क्रिया बाजए। जे भऽ रहल अछि, से संवादमे झलकए — "ई रहल हमर घर, हम भीतर जा रहल छी" — एक पाँतिमे स्थान आ गति दुनू। उदाहरण-नाटकमे वैद्यक "हमर छोटकी हाँसू कतऽ अछि?" सुनिते श्रोता ओकर हाथक खोज देखि लैत छथि।

तेसर: छोट साँस, छोट वाक्य। कान नम्हर वाक्यमे भोतिया जाइत अछि। जतऽ मूल पाठमे नम्हर दार्शनिक वक्तव्य हो (जेना साधुक आत्मा-विवेचन), ओतऽ बीच-बीचमे शिष्यक टोकब राखू — मूल प्रहसन स्वयं ई करैत अछि, तेँ ओ रेडियो लेल जन्मजात उपयुक्त अछि।

चारिम: स्वर-भेदे पात्र-भेद। एहि नाटकक केन्द्रीय चमत्कार — आत्माक अदला-बदली — केवल स्वर-अभिनयसँ सधत: वेश्याक देहमे गुरुक आत्मा = मधुर कण्ठमे गम्भीर-शास्त्रीय भाव; साधुक देहमे वेश्याक आत्मा = भारी कण्ठमे चंचल-स्त्रैण भाव। लेखक एहि लेल भाव-निर्देश लिखत, शेष अभिनेता करत।

संवाद लेखन

रेडियो संवाद कागजपर मात्र शुद्ध नहि, मुँहसँ स्वाभाविक सुनाइ पड़बाक चाही। प्रत्येक पाँति जोरसँ पढ़ू। भीड़ल वाक्य छोट करू, मुहावरेदार मैथिली बचाउ, आ पात्रसभकेँ बीचमे रोकब, हिचकब आ प्रतिक्रिया देब दियौ।

अभिनय-चिन्ह

साँसक स्थान स्लैशसँ, बीचमे रोकल संवाद डैशसँ, आ अधूर विचार तीन बिन्दुसँ चिन्हित करू—मुदा केवल जखन कलाकारकेँ निर्देश आवश्यक हो।

अभ्यास

- अभ्यास: अपन दू पात्रक एक पृष्ठक संवाद लिखू जाहिमे बिना कथावाचकक ई बुझाइ जाए — के बाजि रहल अछि, कतऽ अछि, आ की कऽ रहल अछि।

९. कथावाचक: सेतु, बैसाखी नहि

वर्णनकर्ता श्रोताकेँ स्थान-समय बुझाबथि, अनिवार्य दृश्य सूचना संक्षिप्त करथि आ दृश्य जोड़थि। अभिनयमे जे भावना स्पष्ट सुनाइ पड़ैत अछि, ओकर फेर व्याख्या नहि करथि।

हटाब परीक्षा

वर्णनकर्ताक पाँति हटाउ। जँ दृश्य स्पष्ट रहैत अछि, पाँति हटाए दियौ।

भाग ३ · ध्वनि आ निर्देशन

१०. ध्वनि-परिकल्पना, वातावरण आ ध्वनिक दूरी

ध्वनि तीन तहमे काज करैत अछि। पहिल तह — वातावरण: निरन्तर मद्धिम ध्वनि जे स्थान बनबैत अछि (उपवनमे कोइली-भौंरा, भोरमे चिड़ैक चहचह)। ई तह सदिखन पृष्ठभूमिमे रहत, संवादसँ नीचाँ। दोसर तह — घटना-ध्वनि: डेगक चाप, केबाड़, साँपक फुफकार, देह खसबाक धम्म। ई कथाक क्रिया थिक। तेसर तह — संकेत-ध्वनि: शंख, घण्टी, मेघ-गर्जन — जे अर्थ आ भाव सोझे दैत अछि (मृत्युक दूतक संग बसातक झोंक आ गर्जन)।

नियम पहिल: ध्वनि कमसँ, अर्थ बेसीसँ। प्रत्येक ध्वनि कोनो काज करए — स्थान बताबए, क्रिया देखाबए, वा भाव जगाबए। सजावटी ध्वनि कान थकबैत अछि।

नियम दोसर: मौनक प्रयोग साहससँ। उदाहरण-नाटकमे वसन्तसेनाक मृत्युक बाद "क्षणिक पूर्ण मौन" लिखल अछि — हास्य-प्रधान नाटकोमे ओ एक क्षण श्रोताक छाती पकड़ि लैत अछि।

नियम तेसर: परिप्रेक्ष्य। श्रोताक कान जतऽ अछि (माइक), से दृश्यक केन्द्र। दूरक पात्र = दूरक स्वर; लग आबि रहल पात्र = क्रमशः लग होइत स्वर। ध्वनियो एही नियमसँ — दूरमे गर्जन, लगमे फुफकार।

ध्वनि कतऽसँ आओत? तीन स्रोत: स्वयं बनाओल (डेगक चाप, केबाड़, बर्तन — घरहिमे रिकॉर्ड करू; एकरा "फोली" कहल जाइत अछि), मुक्त ध्वनि-पुस्तकालय (freesound सन साइट, अनुज्ञा पढ़ि कऽ), आ क्षेत्र-रिकॉर्डिङ (अपन गामक भोर, पोखरिक कात, हाटक कोलाहल — मोबाइलसँ; ई अहाँक ध्वनि-कोष बनत, आ एकरासँ प्रामाणिक मैथिल वातावरण आओत जे कोनो विदेशी पुस्तकालयमे नहि भेटत)।

> **ध्वनि-प्रभाव**
> ध्वनि-प्रभावक निश्चित काज हो: स्थान चिन्हायब, क्रिया देखायब, अपेक्षा बनायब, प्रतिक्रिया उत्पन्न करब वा कथामे प्रमाण बनब। केवल उपलब्ध अछि से कारण ध्वनि नहि जोड़ू।

> **ध्वनि-प्रभाव**
> प्रत्येक प्रभाव तीन प्रश्नसँ बनाउ: ध्वनि के उत्पन्न करैत अछि, कतऽ अछि, आ कोना बदलैत अछि?

वातावरण आ दूरी
स्थानक मूल वातावरण श्रोताकेँ बतबैत अछि जे पात्र कतऽ छथि। दूरी, प्रतिध्वनि, दिशा आ गतिसँ बुझाइत अछि जे ओहि स्थानमे कोन स्वर कतऽ स्थित अछि।

वातावरण आ दूरी
प्रत्येक स्थानपर तीस सेकेंड स्वच्छ मूल वातावरण रिकॉर्ड करू। एकरा बिना सम्पादनमे अस्वाभाविक खाली स्थान बनैत अछि।

अभ्यास

- अभ्यास: अपन गाम/मोहल्लाक तीन "ध्वनि-चित्र" रिकॉर्ड करू — भोर, दुपहरिया, साँझ; प्रत्येक एक-एक मिनट। सुनि कऽ लिखू जे कोन-कोन ध्वनि स्थानक पहिचान बनल।

११. सङ्गीत, संक्रमण आ मौन

सङ्गीत काल, मनोदशा वा संरचनात्मक परिवर्तन स्थापित करय, मुदा संवादकेँ नहि ढाकय। मौन खालीपन नहि; ई आश्चर्य, विचार, लज्जा, भय वा हास्यक सही समय सूचित कऽ सकैत अछि।

सङ्गीतक स्तर
संवादक समय सङ्गीत ध्यानकेँ सहारा दियौ, स्वरक संग प्रतिस्पर्धा नहि करय। देरिसँ नहि, पहिनहि मद्धिम करू।

मौनक साहस
नियम दोसर: मौनक प्रयोग साहससँ। उदाहरण-नाटकमे वसन्तसेनाक मृत्युक बाद "क्षणिक पूर्ण मौन" लिखल अछि — हास्य-प्रधान नाटकोमे ओ एक क्षण श्रोताक छाती पकड़ि लैत अछि।

१२. पूर्वाभ्यास आ निर्देशन

पहिल पूर्वाभ्यास अर्थ लेल, दोसर सम्बन्ध लेल, तेसर समय लेल आ अन्तिम माइक्रोफोन तकनीक लेल करू। निर्देशक उद्देश्य, स्पष्टता, लय, विरोध आ निरन्तरता सुनथि।

मोबाइलपर पूर्वाभ्यास रिकॉर्ड करू। कलाकारकेँ नहि देखि सुनू। जतऽ पात्र, क्रिया वा स्थान अस्पष्ट हो, सभ चिन्हित करू।

भाग ४ · निर्माण आ प्रकाशन

१३. सरल उपकरणसँ रिकॉर्डिङ

स्टूडियोक स्थान पर: एकटा शान्त कोठरी, राति वा भोरक समय, पंखा बन्द, खिड़की बन्द; ओछाओन-तकिया-पर्दा भरल कोठरी नीक (प्रतिध्वनि सोखत)। माइक: मोबाइलक माइक चलत; किछु सय टाकाक लैवेलियर वा यू.एस.बी. माइक आर नीक। माइकसँ एक बीतक दूरी, आ "प" - "फ" सन स्फोटक ध्वनि लेल माइक किंचित् कात।

रिकॉर्डिङक विधि: संकेत-क्रमसँ, खण्ड-खण्ड। प्रत्येक संकेतसँ पहिने दू क्षणक मौन (काटबामे सुविधा)। भूल भेला पर रुकू नहि — दू क्षण मौन राखि वएह पाँति फेर बाजू; सम्पादनमे पहिल रूप कटत। प्रत्येक सत्रक आरम्भमे पात्र अपन "स्वर-नमूना" बाजथि — जाहिसँ दोसर दिनक सत्रमे स्वर मिलाओल जा सकए।

शान्त कोठली, एक विश्वसनीय माइक्रोफोन, हेडफोन आ अनुशासित अभिनय—शोरयुक्त स्थानक महँगा उपकरणसँ नीक परिणाम दऽ सकैत अछि। स्थानक मूल ध्वनि आ कठिन पाँतिक अनेक स्वच्छ टेक रिकॉर्ड करू।

> **रिकॉर्डिङ जाँच**
> विमान मोड; पंखा बन्द; गहना हटाओल; पानि तैयार; माइक्रोफोन स्थिर; हेडफोन जाँचल; मूल वातावरण रिकॉर्ड कएल।

> **सरल रिकॉर्डिङ स्थिति**
> माइकसँ लगभग १५–२० सेमी दूरी राखू; कठोर परावर्तक सतहक बदला नरम, ध्वनि-सोखक सतह उपयोग करू।

अभ्यास

- अभ्यास: उदाहरण-नाटकक खण्ड १ (संकेत १-२१) अपन परिवार-मित्रक संग रिकॉर्ड करू आ चारि-ट्रैक विधिसँ मिश्रित करू।

१४. सम्पादन, मिश्रण आ मास्टरिङ

सम्पादन: मुक्त सॉफ्टवेयर पर्याप्त — कम्प्यूटर पर Audacity वा DaVinci Resolve (Fairlight), मोबाइल पर कोनो बहु-ट्रैक सम्पादक। चारि ट्रैकक ढाँचा राखू — संवाद, वातावरण, घटना-ध्वनि, सङ्गीत — ठीक जेना दृश्य-सम्पादनक टाइमलाइन, केवल चित्रक स्थान ध्वनि।

मिश्रणक तौल: संवाद सर्वोपरि; वातावरण ओकर बीस प्रतिशत लग; सङ्गीत संवादक समय नीचाँ, सेतु पर ऊपर। अन्तमे सम्पूर्ण नाटक आँखि मूनि कऽ सुनू — जतऽ ध्यान भटकए, ओतऽ काट; जतऽ कान ठमकए, ओतऽ ध्वनि घटाउ।

ध्वनि चमकाबयसँ पहिने अर्थक अनुसार सम्पादन करू। गलती हटाउ, सर्वोत्तम अभिनय चुनू, गति बनाउ, तकर बाद वातावरण, प्रभाव आ सङ्गीत जोड़ू। साधारण मोबाइलपर सेहो संवाद सहज बुझाइ पड़य।

अनुशंसित क्रम: संवाद सम्पादन, समय, मूल वातावरण, गति, विशेष प्रभाव, सङ्गीत, ध्वनि-स्तर जाँच, निर्यात, मोबाइल परीक्षण।

सम्पादन समयरेखा: चारि तह

संवाद	घटना-ध्वनि	वातावरण	सङ्गीत

स्वर-सफाइ

स्वर-सफाइ लेल स्वचालित शोर-हटाउ आ स्वर-सुधार औजार उपयोग कएल जा सकैत अछि; मुदा मैथिली संवादक मूल स्वर जीवित मैथिल कलाकारक रहए। भाव, उच्चारण आ भाषिक स्वाभाविकता लेल मानवीय कण्ठ अनिवार्य अछि।

१५. मैथिली उच्चारण, शब्द-निखार आ सुगम्यता

मैथिली उच्चारणक विशेष ध्यान: श्रुतिमधुर मैथिलीक प्राण ओकर स्वर-लहरीमे अछि — "अछि/छथि"क सहज लय, विभक्तिक कोमलता। अभिनेता ऊँच स्वरमे पाठ करथि आ निर्देशक केवल कानसँ जाँचथि: जे पाँति हिन्दी-सन सुनाइ पड़ए, से फेरसँ।

नाम, संस्कृत शब्द, क्षेत्रीय रूप आ कठिन समास लेल उच्चारण-सूची बनाउ। प्रतिलिपि प्रकाशित करू, आ वीडियो रूपमे द्विभाषी शीर्षक तथा स्पष्ट रंग-विरोध दिअ।

उच्चारण-सूची
कठिन शब्द अर्थपूर्ण खण्डमे लिखू, अक्षर-फोड़ रूपमे नहि। मानवीय सन्दर्भ-वाचन रिकॉर्ड करू।

शब्द-निखारक कसौटी
प्रत्येक पाँति ऊँच स्वरमे पढ़ू। जे वाक्य अनावश्यक हिन्दी-सन सुनाइ पड़ए, ओकरा मैथिलीक स्वाभाविक लय, विभक्ति आ मुहावराक अनुसार सँवारू; कठिन शब्द अक्षर-अक्षर नहि, अर्थपूर्ण खण्डमे लिखू।

१६. अधिकार, सहमति, श्रेय आ प्रकाशन

रूपान्तरण-अधिकार, कलाकारक सहमति, सङ्गीत आ ध्वनि-प्रभावक अनुज्ञा, श्रेय आ वितरणक शर्त निश्चित करू। संकेत-पत्रक आ निर्माण-दैनिकी सुरक्षित राखू।

प्रत्येक सङ्गीत आ प्रभाव फाइलक नाम, निर्माता, अनुज्ञा, स्रोत, उपयोग आ अवधि सहित संकेत-पत्रक बनाउ।

अधिकारक स्मरण: मूल रचना सार्वजनिक-अधिकार (public domain) मे हो वा अनुमति लेल हो; अनुवाद-रूपान्तरणक श्रेय स्पष्ट; सङ्गीत-ध्वनिक अनुज्ञा जाँचल। कलाकार सभक नाम सदिखन घोषित — रेडियोक परम्परामे श्रेय-वाचन (credits) उद्घोषके करैत छथि, जेना उदाहरण-नाटकक अन्तिम संकेतमे।

१७. प्रसारण आ पॉडकास्ट

तैयार नाटक कतऽ जाएत? पाँच द्वार। पहिल — यूट्यूब: ऑडियो संग एक स्थिर चित्र (नाटकक "पोस्टर") वा खण्ड-शीर्षकक स्लाइड; विवरणमे पात्र-कलाकार सूची, मूल-श्रेय, आ समय-सूची (कोन खण्ड कोन मिनट पर)। दोसर — पॉडकास्ट मञ्च: एकटा RSS-आधारित होस्ट (कतेको निःशुल्क) सँ Spotify आदि सभठाम एक्के बेर पहुँचत; शृंखला-रूपमे छोड़ू — साप्ताहिक एक खण्ड, जेना धारावाहिक। तेसर — आकाशवाणी/सामुदायिक रेडियो: स्थानीय केन्द्रसँ सम्पर्क; मानक प्रति (48kHz WAV) तैयार राखू। चारिम — विदेह सन ई-पत्रिका: अंकक संग ऑडियो-परिशिष्ट। पाँचम — मञ्चन-पूर्व वाचन: रेडियो-रूप मञ्च-नाटकक पूर्वाभ्यासो थिक।

अधिकारक स्मरण: मूल रचना सार्वजनिक-अधिकार (public domain) मे हो वा अनुमति लेल हो; अनुवाद-रूपान्तरणक श्रेय स्पष्ट; सङ्गीत-ध्वनिक अनुज्ञा जाँचल। कलाकार सभक नाम सदिखन

घोषित — रेडियोक परम्परामे श्रेय-वाचन (credits) उद्घोषके करैत छथि, जेना उदाहरण-नाटकक अन्तिम संकेतमे।

श्रोता-निर्माण धीरजक काज: पहिल नाटक सय श्रोता आनत, तेसर हजार। टिप्पणीक उत्तर दिअ, आगामी नाटकक घोषणा पछिला नाटकक अन्तमे करू, आ लय बनौने रहू — मासे एक नाटक = वर्षमे बारह, आ बारह नाटकक शृंखला अपने-आपमे एक संस्था थिक।

अभ्यास

- अभ्यास: अपन पहिल नाटकक "प्रकाशन-योजना" लिखू — कोन द्वार, कोन क्रम, कोन तिथि; आ यूट्यूब-विवरणक मसौदा तैयार करू।

भाग ५ · उदाहरण

१८. मत्तविलास प्रहसनम्: हास्य-कथाक ध्वनि-रूप

संलग्न मैथिली प्रहसन रेडियो लेल अत्यन्त उपयुक्त अछि: अलग-अलग स्वर, गायब वस्तुक कथा, सार्वजनिक विवाद, शारीरिक हास्य, नगरक वातावरण आ अन्तिम रहस्योद्घाटन। संग देल रूपान्तरण संवाद-क्रम सुरक्षित राखैत दृश्य क्रियाकेँ ध्वनिमे बदलैत अछि।

गायब कपाल-पात्र हास्यक वस्तु आ ध्वनि-मूल—दूनू अछि। ओकर अनुपस्थिति, सन्दिग्ध उपस्थिति, छीनबाक प्रयास आ अन्तिम वापसी श्रोताक ध्यानक संरचना बनबैत अछि।

दृश्य १–५	दृश्य ६–१०
१. प्रस्तावना	६. हास्यपूर्ण मारपीट
२. मत युगल	७. मध्यस्थता
३. काञ्चीक वातावरण	८. उन्मत्तक प्रवेश
४. कपाल-पात्र गायब	९. पात्र प्राप्ति
५. भिक्षुपर आरोप	१०. समझौता

१९. भगवदज्जुकम्: रूपान्तरण-विधि

आब सिद्धान्तकेँ व्यवहारमे देखू। आगाँ देल पूर्ण पटकथा पढ़बासँ पहिने ई दसटा निर्णय बूझि लिअ — प्रत्येक निर्णय एहि पोथीक कोनो-ने-कोनो अध्यायक प्रयोग थिक:

१. सूत्रधार-विदूषकक प्रस्तावना राखल गेल (संकेत ६-२०) — ई रेडियो-उद्घोषणाक प्राचीन रूप थिक (अध्याय २)। २. कथावाचक केवल छह ठाम अबैत छथि — सेतु, स्थान-परिचय आ आत्मा-बदलीक स्पष्टीकरण लेल (अध्याय ४, कथावाचक-विधान)। ३. सभ प्रवेश-प्रस्थान डेगक चाप आ स्वर-दूरीसँ (संकेत ७, २५, ८७) — दृश्य-निर्देशक ध्वनि-अनुवाद (अध्याय ४, दृश्य-ध्वनि रूपान्तरण)। ४. "बाघ" दृश्य ध्वनि-हास्यमे बदलल — झाड़ीक खड़खड़ + मोरक केकारव + चीख (संकेत ६५-६६)। ५. वेश्याक गीत सङ्गीत-संकेत संग गायन-रूपमे (संकेत ९१-९९) — रेडियोक अपन शक्ति। ६. मृत्युक दूतक प्रत्येक आगमन एक्के ध्वनि-हस्ताक्षरसँ: बसातक झोंक + प्रतिध्वनि (संकेत १०६, १७८, २०८) — श्रोता ध्वनिएसँ चिन्हि जेता। ७. मृत्युक बाद एक क्षण पूर्ण मौन (संकेत १२१) — मौनक साहस (अध्याय ११)। ८. आत्मा-बदली = स्वर-भाव-बदली; देह-वर्णन

नहि, भाव-निर्देश: "गुरु-स्वरक भाव", "स्त्रैण चंचल भाव" (संकेत १४५, १८२) — अध्याय ७ क केन्द्रीय पाठ। ९. वैद्यक पराजय पूर्ण राखल गेल (संकेत १९३-२०७) — शुद्ध संवाद-हास्य, रेडियोक प्राण। १०. भरतवाक्य युगल-स्वरमे आ श्रेय-वाचन उद्घोषकसँ (संकेत २२३-२२४) — परम्परा आ प्रसारण-रीति दुनूक मेल।

पढ़बाक विधि: पहिने पटकथा चुपचाप पढ़ू; फेर तीन-चारि गोटे मिलि ऊँच स्वरमे वाचन करू; तखन अध्याय १३–१४ क विधिसँ रिकॉर्ड करू। तीनू सोपानक बाद अहाँ केवल पाठक नहि, निर्माता भऽ जाएब।

भाग ६ · पूर्ण रेडियो-पटकथा

साधु आ वेश्या (भगवदज्जुकम्) — रेडियो नाटक

मूल संस्कृत प्रहसन: बोधायन। मैथिली अनुवाद आ रेडियो-रूपान्तरण: गजेन्द्र ठाकुर।

अनुमानित अवधि: लगभग ३५ मिनट। खण्ड: आठ।

पात्र आ स्वर-संकेत:

उद्घोषक — स्थिर, औपचारिक स्वर (आकाशवाणी-शैली)।

कथावाचक — आत्मीय, कथा कहैत स्वर; श्रोताक आँखि बनत।

सूत्रधार — गम्भीर, मञ्चीय, किछु विनोदी।

विदूषक — पातर, चंचल, तीव्र स्वर।

साधु — भारी, धीर, वृद्ध स्वर; वेश्याक आत्मा पैसला पर सएह स्वर चंचल-स्त्रैण भाव लेत।

शाण्डिल्य — युवा, भुखायल, हास्य-प्रधान; बाजब तेज।

वेश्या (वसन्तसेना) — मधुर, गायिका-स्वर; साधुक आत्मा पैसला पर सएह स्वर गम्भीर-शास्त्रीय भाव लेत।

परिचारिका १ (छोटकी मधुमाछी) आ परिचारिका २ (छोटकी कोइरी) — दू भिन्न युवा स्त्री-स्वर।

माय — वृद्धा, व्याकुल स्वर।

प्रेमी — कोमल, किछु मातल स्वर।

वैद्य — तेज, आडम्बरी, फेर घबरायल स्वर।

मृत्युक दूत — गुंजायमान, प्रतिध्वनियुक्त स्वर (इको प्रभाव)।

[रूपान्तरण-सिद्धान्त: मूल अनुवादक संवाद यथावत् राखल गेल अछि; मञ्चक दृश्य-निर्देश ध्वनि, सङ्गीत आ कथावाचकमे बदलल गेल अछि। "स्वगत" = लगसँ, मद्धिम स्वरमे। दूरी माइकसँ दूरीसँ देखाओल जाएत।]

॥ खण्ड १: प्रस्तावना ॥

१. सङ्गीत: शीर्षक-धुन — मैथिल लोक-रंगक वाद्य (बाँसुरी-ढोलक), १५ सेकेण्ड, फेर मद्धिम भऽ पृष्ठभूमिमे।

२. उद्घोषक: विदेह प्रस्तुत करैत अछि — रेडियो नाटक "साधु आ वेश्या"। मूल संस्कृत प्रहसन "भगवदज्जुकम्", रचयिता बोधायन। मैथिली अनुवाद आ रेडियो-रूपान्तरण — गजेन्द्र ठाकुर।

३. सङ्गीत: धुन उठि कऽ समाप्त। क्षणिक मौन।

४. कथावाचक: (आत्मीय) प्रहसन — माने हँसीक नाटक। आजुक कथामे एकटा योगी छथि आ एकटा वेश्या; आ बीचमे अछि मृत्युक एकटा दूत, जकरासँ एकटा एहन भूल होएत जे स्वर्ग-मर्त्य दुनू हिलि जाएत। मुदा पहिने, रीति अनुसार, नान्दी — आ सूत्रधारक प्रवेश।

५. ध्वनि: मन्दिर-घण्टी दूरसँ; शंख एक बेर।

६. सूत्रधार: (मञ्चीय स्वर) शिवक चरण रक्षा करओ! ज्योतिषी तकर महत्त्व जनैत छथि — देवताक मुकुटपर नीलम तकरा स्पर्श करैत अछि — आ रावणक दुष्टतासँ तकर औंठा एक बेर झुकाओल गेल — शिवक चरण रक्षा करओ!

७. ध्वनि: डेगक चाप; केबाड़ खुजबाक ध्वनि।

८. सूत्रधार: ई रहल हमर घर, हम भीतर जा रहल छी। विदूषक, कतए छह?

९. विदूषक: (दूरसँ, फेर लग अबैत) हम एतए छी, स्वामी!

१०. सूत्रधार: जखन तक कियो नै छैक, हम तोरा किछु नीक गप कहबह।

११. विदूषक: ठीक अछि, स्वामी। (डेगक चाप — जाइत, फेर अबैत) घरमे कियो नै अछि, स्वामी। कहियौ ने, किछु नीक गप!

१२. सूत्रधार: सुनह। आइ हम एकटा ब्राह्मणसँ भेँट केलौं; ओ बाहरसँ आयल छलाह — एकटा ज्योतिषी जिनकर भविष्यवाणी बड़ सटीक।

१३. विदूषक: कोन तरहक नाटक खेलाएब?

१४. सूत्रधार: ई बड़ नीक प्रश्न अछि। नाटकमे कोनो दस तरहक भावना देखा सकै छी, आ जहाँ धरि हमरा बुझाइए, हास्य सभसँ श्रेष्ठ।

१५. विदूषक: स्वामी? हमरा प्रहसनमे सेहो हास्य नै बुझाइए।

१६. सूत्रधार: तखन हमरा तोरा प्रशिक्षित करऽ पड़त। अप्रशिक्षित मन किछु नै पाबैए।

१७. विदूषक: स्वामी, तखन अहाँ हमरा प्रशिक्षित करू!

१८. सूत्रधार: अवश्य। जँ अहाँ ज्ञान पर मन लगौने छी, तँ नीक मार्गपर चलयबलाक संग चलू—

१९. ध्वनि: दूरसँ स्वर (हल्लुक प्रतिध्वनि): "शाण्डिल्य, कतऽ छह हौ?"

२०. सूत्रधार: (अकानैत) हमर पाछाँ आउ, साधुक शिष्य बनि, जेना दृढ़ योगीश्वरक शिष्य अनुसरण करै छथि!

२१. सङ्गीत: सेतु-धुन (५ सेकेण्ड) — प्रस्तावना समाप्त, मुख्य कथाक आरम्भ।

॥ खण्ड २: गुरु आ शिष्य ॥

२२. ध्वनि: भोरक चिड़ैक चहचह; हल्लुक बसात; पएरक चाप माटि पर।

२३. कथावाचक: भोर-सकाल। नगरसँ बाहरक बाट। एकटा साधु, हाथमे लाठी, आगाँ-आगाँ; आ हुनकर शिष्य कतहु देखाइते ने अछि।

२४. साधु: (पुकारैत) शाण्डिल्य, कतऽ छह? ... अखनो कतौ नै देखा रहल अछि। ऐ छौड़ाक स्वभाव छै अनैतिकतासँ भरल। आ किए नै! देह बेमारीक खजाना अछि। बोखार तकरा हिलबै छै, मृत्युक छाह ओकरापर शासन करै छै, आ ओकर गति धारक कातक एहन गाछ सन होइ छै जे सदिखन फेकल समान सभसँ घेराएल रहैए। (साँस) हम एक बेर फेर बजबइ छिऐ। शाण्डिल्य, कतऽ छह!

२५. ध्वनि: दौगल डेगक चाप लग अबैत; हाँफब।

२६. शाण्डिल्य: (हाँफैत, तेज) तँ, शुरुएसँ कहू — हम ढंगसँ जनमल छलौं। हमर परिवार गीदड़क ऐंठ-कूठपर जिबै छलय, हमर जीह ओकरा पकड़ने सुखा गेल, हमर ब्राह्मण-जनौ गरदनिमे सटल रहल, आ हमसभ ब्राह्मण भेलापर बड़ सन्तुष्ट छलौं! तँ घरमे खाइले किछु नै छलय। हम भूखसँ मरै छलौं। हम बौद्ध बनै लेल भागलौं जे जलखै भेटत। जलखै भेटल, मुदा ई बदमाश सभ दिनमे एक्के बेर मात्र खाइ जाइए। तँ हम फेर भुखले रहलौं। हम गेरुआ वस्त्र फेकलौं, भिक्षापात्र तोड़लौं, आ मात्र एकटा धरिया पहीरि छत्ता लेने चलि एलौं। आ आखिरीमे ऐ दुष्ट गुरुक मोटा उठबैबला बनलौं। (रुकैत) कतऽ छथि ओ पूज्यवर?... (चौंकैत, नम्रतासँ) ओह्हो, ई रहला पूज्यवर! क्षमा करू, क्षमा करू, पूज्यवर!

२७. साधु: डरह नै, शाण्डिल्य, डरह नै!

२८. शाण्डिल्य: पूज्यवर, ऐ संसारमे — जतऽ सदिखन झगड़ा होइत रहैए, जतऽ सुखे सभ बौस्तु अछि — अहाँ भिक्षाटन केना करै छिऐ?

२९. साधु: सुनह। हमरा मान-सम्मानक कामना नै अछि; संकट सदिखन हमर पाछाँ रहत, आ हमरा खाइ लेल जे भिक्षा चाही से दुर्बल लोकसँ अबैए। हम ऐ व्यसन-ग्रस्त संसारमे समधानि कऽ चलै छी, जेना पनिडुम्मीसँ भरल पोखरि।

३०. शाण्डिल्य: मुदा पूज्यवर, हमर तँ नहिये परिवार अछि, नहिये भाई, ने बाप; अहाँ हमरापर एत्ते कृपा किए करै छी? हम साधुक लाठी ऐले नै पकड़लौं जे पुण्य भेटत, मुदा ऐले जे भूखे मरि रहल छलौं।

३१. साधु: शाण्डिल्य, एकर अर्थ की?

३२. शाण्डिल्य: सत्य कऽ अलाबे की? अहाँ सदिखन कहै छी जे झूठ बन्हन अछि।

३३. साधु: एकदम ठीक। जँ कियो झूठकेँ संगी बनबैए तँ बन्हनमे बन्हा जाइए। जखन एकटा सचर लोक नीक प्रेरणासँ नीक काज करैए, देवता तकर फलकेँ एना राखै छथि जेना कोनो धरोहरि।

३४. शाण्डिल्य: मुदा ओ आपस कखन भेटत?

३५. साधु: जखन ओइ विरागसँ ओ श्रेष्ठ बनत।

३६. शाण्डिल्य: श्रीमान्, श्रेष्ठ केना बनल जाइए?

३७. साधु: चीजक इच्छा नै केलासँ।

३८. शाण्डिल्य: पूज्यवर, ई प्रश्न उठैए जे इच्छा केना नै कएल जाय।

३९. साधु: प्रेम आ घृणासँ एकात भऽ। किए? "सुख-दुखमे सम रहब, भय-हर्षमे सन्तुलित रहब, मित्र-शत्रुकेँ समान दृष्टिसँ देखब — एकरे बुद्धिमान लोक एकात हएब कहै छथि।"

४०. शाण्डिल्य: (झट दऽ) मुदा ई अछि की?

४१. साधु: जे अखनो अस्तित्वमे नै आयल तकर नाम नै होइए।

४२. शाण्डिल्य: झूठ! झूठ!

४३. साधु: (तमसाइत) माने?

४४. शाण्डिल्य: श्रीमान्, अहाँ हमरापर किए तमसाइ छी?

४५. साधु: तोँ सीखबे नै करबह।

४६. शाण्डिल्य: हम सीखी आकि नै। अहाँकेँ की? अहाँ तँ स्वतन्त्र छी!

४७. साधु: एना नै बाजऽ! परम्परा अछि जे छड़ी छात्रक लेल पुष्टाइ होइ छै। तेँ पूर्ण तटस्थतासँ हम तोरा बड़ तरीकासँ सैंतबऽ।

४८. शाण्डिल्य: (हँसैत) अहा! पूर्ण तटस्थतासँ दण्ड दै छी, हे पूज्यवर! आब ई संवाद बन्द करू; भिक्षाक समय बीतल जाइए।

४९. साधु: मूर्ख, अखन भोर-सकाले अछि, दुपहरिया नै। लिखल अछि: भिक्षा तखन मायगी जखन उक्खड़ि राखि देल जाय, चूल्हि मिझा जाय, आ सभ खा-पी लेथि। चलह, किछु काल कलममे बितबै छी।

५०. ध्वनि: दुनूक डेगक चाप; चिड़ैक स्वर घन होइत — उपवन लग अबैत।

५१. शाण्डिल्य: ओह ओह! अहाँक पावन व्यवहार अपन वचन तोड़ैए!... श्रीमान्, आत्मा की अछि? सक्रिय स्व की अछि?

५२. साधु: सुनह! अन्तर-आत्मा अछि जे सुतलापर स्वर्ग जाइए। फेर मात्र आत्मा अछि जे अपन कर्तव्य करैए आ जन्म-जन्मान्तर यात्रा करैए। आ तखन ईहो आत्मा अछि जकरा हम सक्रिय स्व कहै छी: "मनुष्य अपन देह अछि," आ ई आत्मा विश्रामक सुख चाहैए।

५३. शाण्डिल्य: ठीके, "ओ आत्मा, जे बूढ़ नै होइए, मरैए नै, अविनाशी अछि, अक्षय अछि — वएह आत्मा अछि। आ जे हँसैए, हँसबैए, सुतैए, मरैए — वएह सक्रिय स्व अछि।"

५४. साधु: जेना सिखेलौं, सएह सिखलौं।

५५. शाण्डिल्य: ओह ओह! चलू! अहाँ ठका गेलौं! आत्मा जे अखन अछि, ठीक ने? जँ देह नै तँ किछु नै।

५६. साधु: जनसाधारण सन बजै छह। सभ प्राणी कइएक अवस्थासँ गुजरैए, बुझलहीं।

५७. कथावाचक: गुरु-शिष्यक ई नोक-झोंक चलिते रहल, आ बाट कटैत गेल। आगाँ एकटा कलम — माने आमक गाछी, चमेलीक लता, आ छाहरि।

॥ खण्ड ३: कलम ॥

५८. ध्वनि: उपवन-वातावरण — कोइली, भौंरा-गुंजन, पातक सरसराहट (निरन्तर मद्धिम)।

५९. शाण्डिल्य: (चारू दिस तकैत) श्रीमान्, ई देखू एकटा कलम अछि।

६०. साधु: तोँ पहिने जाह। ऐ एकान्तक आश्रय वन हमरा सभकेँ छाह दैत अछि।

६१. शाण्डिल्य: श्रीमान्, अहाँ श्रेष्ठ, पहिने जाउ, हम पाछाँ आएब।

६२. साधु: कोन प्रयोजन?

६३. शाण्डिल्य: हमर माय एक बेर एकटा पवित्र महिलासँ सुनलनि जे अशोकक फूलमे बाघ नुकायल रहैए। तेँ अहाँकेँ पहिने जाय पड़त, श्रीमान्!

६४. साधु: ठीक छै।

६५. ध्वनि: झाड़ीमे खड़खड़ाहट; मोरक तीव्र केकारव।

६६. शाण्डिल्य: (चिचिआइत) आह, बाघ काटि लेलक! बाघक मुँहसँ बचाउ! बिन मुक्तिए बाघ खा लेलक! हमर गरदनिसँ खून बहि रहल अछि!

६७. साधु: (शान्त) डरह नै, शाण्डिल्य। ई मात्र एकटा मोर अछि।

६८. शाण्डिल्य: तँ मोर अछि!

६९. साधु: हँ, मात्र मोर।

७०. शाण्डिल्य: तखन आँखि खोलै छी। (साँस छोड़ैत) हे! ओ बदमाश बाघ हमरासँ डेरा गेल, मोर बनि गेल आ आब भागि रहल अछि! (स्वर बदलैत, मुग्ध) अहा! कतेक सुन्दर कलम! हम देखैत छी — अर्जुन, कदम्ब, आम, शाल, दूबि, चन्दन, अशोक आ साधारण केराक गाछ — सभ बसन्तमे सुन्दर लगैए! आ हम देखै छी अंकुर, पात, फूल, आ झोंझ, सभ एकटा कलममे जे चमेलीक लताक मंडपसँ सजल अछि, मोर, कोइरी आ मातल भौंराक मधुर गायनसँ गूँजि रहल अछि।

७१. साधु: मूर्ख! दिन-प्रतिदिन इन्द्रिय नष्ट होइत अछि, से एतेक सुन्दर की अछि? सुनह — एकटा बच्चा कहैए, आह बसन्त आयल, फूलक चद्दरिमे लेपटल! मुदा ओ कथीमे आनन्द लऽ रहल अछि जखन जीवन छोट भेल जाइए?

७२. शाण्डिल्य: एकटा प्रश्न? सुन्दरता जखन आ जतऽ होइए ई होइते अछि।

७३. साधु: एक बेर फेर, कोनो शैक्षणिक पृष्ठभूमि नै! लोक — ओ सभ भविष्य लेल प्रार्थना करैए, अतीतपर शोक मनाबैए आ वर्तमानसँ घृणा करैए।

७४. शाण्डिल्य: ई रस्ताक अन्त अछि। हमसभ कतऽ बैसब?

७५. साधु: एत्तै बैसब।

७६. ध्वनि: घास पर बैसबाक ध्वनि; उपवन-वातावरण चलैत।

७७. कथावाचक: दुनू गोटे चमेली-मंडपक छाहरिमे बैसला। गुरु योगक चर्चा करथि, शिष्य खिच्चड़िक — आ तखने, कलमक दोसर छोरसँ, नूपुरक ध्वनि आ हँसीक फुहार सुनाइ पड़ल।

॥ खण्ड ४: वेश्याक आगमन आ गीत ॥

७८. ध्वनि: नूपुर-ध्वनि लग अबैत; दू-तीन स्त्रीक हँसी।

७९. वेश्या: छोटकी मधुमाछी, प्रिये, प्रेमी कतय गेला?

८०. परिचारिका १: मालकिन, "हम आइ छी," ओ कहलनि, आ फेर अहाँक प्रेमी नग्र चलि गेला!

८१. वेश्या: हे प्रिय, आब की?

८२. परिचारिका १: नृत्य-मण्डप दिस दौगू आर की?

८३. वेश्या: आइ नृत्य-मण्डप नै बैसैए।

८४. परिचारिका १: मालकिन, अहाँ एकदम सही कहलौं। मुदा नृत्य-मण्डप एकटा मदिरालये अछि आ महिला सभ, कतेको शालीन होथि, नशामे माति हँसै छथि!

८५. वेश्या: तखन तौँ जल्दी जाह!

८६. परिचारिका १: आ अहाँकेँ सेहो जेबाक अछि, मालकिन!

८७. ध्वनि: नूपुर-सहित डेग दूर जाइत।

८८. वेश्या: छोटकी कोइरी, प्रिये, हमसभ कतऽ बैसब?

८९. परिचारिका २: थोड़ेक काल ऐ पाथरक आसनपर बैसू। देखू, एकटा मोजरल आमक ठाढ़िसँ सजाएल अछि, मुँह परहक सजावटि सन! आ तखन, मालकिन, अहाँकेँ एकटा गीत गेबाक चाही!

९०. वेश्या: छोटकी कोइरी, प्रिये, हम सएह करब।

९१. सङ्गीत: वीणा/बाँसुरीक हल्लुक संगत आरम्भ।

९२. वेश्या आ परिचारिका २: (गबैत, युगल) आह, काम स्वयं एतय अछि! हम सुनै छी कोइरी आ भौंराक धनुषक डोरक गायनसँ, आ आमक ठाढ़ि बाजि रहल अछि — आ अवश्य एक द्रष्टाक मन ललचाइत अछि!

९३. शाण्डिल्य: (दूरसँ, फुसफुसाइत) आह, कोइरीक अबाज! नै, एकदम कोइरीक अबाज नै। नै, ई एकटा गीत अछि। मधुर गीत, जेना चीनीक दूधमे मक्खन! ठीक अछि, एकबेर देखै छी।

९४. ध्वनि: दबल डेगक चाप — शाण्डिल्य लग सरकैत।

९५. शाण्डिल्य: (साँस रोकि) ओह, ओह, ओह! ई कोन शुद्ध सौन्दर्य अछि जे कोनो नृत्यालयमे नुकायल नै अछि, वरन् हमर कलमकेँ अपन उपस्थितिसँ सुशोभित कऽ रहल अछि? ... एकटा वेश्या! धन्य छथि धनिक लोकनि!

९६. परिचारिका २: एकटा आर गीत गाउ, मालकिन!

९७. वेश्या: हम गाएब।

९८. सङ्गीत: संगत फेर उठैत।

९९. वेश्या: (गबैत) आह, काम फेर आयल अछि! आ बसन्त अपन गर्व उठेने अछि, आ प्रेमिकाक दृष्टि ओकरा संग जाइत अछि! आह, काम फेर प्रेम जगाबैत अछि! आ प्रिय नवविवाहिताक हृदय सेहो ओकरा फेर फूलसँ गँथने अछि!

१००. शाण्डिल्य: (मुग्ध) कतेक मधुर गीत ओकर कण्ठसँ उठैए! सुनू, श्रीमान्!

१०१. साधु: (दूरसँ, रुक्ष) नै, कान सुनबाक लेल बनल अछि। हम एतेक दूर नै जाएब जे सुनी।

१०२. शाण्डिल्य: जाउ ओतेक दूर, जँ खर्च करबाक पाइ हुअय, हा हा!

१०३. साधु: जाह, तोँ। अपन व्यवहार ठीक करह। हम मौन पालन कऽ रहल छी।

१०४. शाण्डिल्य: हँ, की ई सोनहुल मौन नै अछि!

॥ खण्ड ५: मृत्युक दूत ॥

१०५. सङ्गीत: अकस्मात् गम्भीर स्वर — नीच सुरक तानपुरा/शंख; उपवन-ध्वनि क्षीण।

१०६. ध्वनि: बसातक तेज झोंक; दूरमे मेघ-गर्जन।

१०७. दूत: (प्रतिध्वनियुक्त स्वर) आ हम आयल छी! हमरा ओ पठौलनि जे सभ प्राणीकेँ लऽ जाइ छथि — भाग्यसँ आहत, ओ जे देखै छथि नीक आ अधला काज — भगवान यम, शान्ति-दाता। आ आब हमरापर आरोप अछि हुनका मृत्यु देबाक, जइपर हुनकर अटल अधिकार अछि। ... हम वायुसँ हिलायल कुहेससँ भरल अकाशसँ भेल आयल छी, आ आब यम जइ ठाम पठौलनि से तर्कादिवाह नग्र पहुँचलौं! ओ कतय अछि! (रुकैत) ओ रहल! ओ चमकैत अछि, ओइ सुन्दर सोन जड़ल अशोक गुच्छमे नुकायल, संध्याक रुद्र बादलक बीच अर्धचन्द्र सन सुन्दर! ठीक अछि, ओकर थोड़ेक कर्म बचल अछि, तेँ हम थोड़े काल प्रतीक्षा करब।

१०८. परिचारिका २: मालकिन, ई अशोकक फूल कतेक सुन्दर अछि? हम तोड़ब।

१०९. वेश्या: नै नै नै, हम स्वयं तोड़ब!

११०. दूत: (लगसँ, ठण्ढा स्वर) एकरा चुट्टी काटबाक आब समय अछि। हम आब सर्प बनि अशोकक डाड़िपर बैसि एकर प्राण लेब।

१११. ध्वनि: साँपक फुफकार — तीव्र।

११२. वेश्या: (चीख) आह, किछु काटि लेलक!

११३. परिचारिका २: मालकिन! ओइ डारिपर एकटा साँप अछि!

११४. वेश्या: साँप? ओह!

११५. ध्वनि: देह खसबाक धम्म ध्वनि; परिचारिकाक चीख।

११६. शाण्डिल्य: आब एतऽ की भऽ रहल अछि?

११७. परिचारिका २: श्रीमान्, हमर मालकिनकेँ नाग काटि लेलक!

११८. शाण्डिल्य: ओह, ओह, ओह! गुरु, एकटा वेश्याकेँ नाग काटि लेलक।

११९. साधु: ठीके, समयकेँ थाम्हऽ पड़ैत अछि। कोनो शंका नै — लोक मात्र अपन समय पूरा करैले जनमैत अछि; जँ समय पूरा भेल, ओ सेहो पूरा भेल।

१२०. वेश्या: (क्षीण स्वर) हम देह झमारि कऽ खसैबला छी। साँस फूलि रहल अछि। ... मायकेँ हमर प्रणाम पहुँचा देबै, प्रिये। ... आ प्रेमीकेँ हमरा लेल आलिंगन करब।

१२१. ध्वनि: अन्तिम साँस; क्षणिक पूर्ण मौन।

१२२. परिचारिका २: (कनैत) आह! मालकिन मरि रहल छथि! ... मालकिन मरि गेली!

१२३. दूत: ठीक अछि, ओकर प्राण लऽ लेलौं आ आब रस्ता पकड़बाक अछि। अखनो गंगा पार करबाक अछि, आ विन्ध्य पर्वत, आ नर्मदा नदीक शुभ प्रवाह, आ भगवान शिवक पवित्र नगर कांचीपुरम... जाधरि हम, वायुवेगसँ, मृत्युलोक नै पहुँचि जाइ।

१२४. ध्वनि: बसातक झोंक दूर जाइत; उपवन-ध्वनि धीरे-धीरे घुरैत।

॥ खण्ड ६: आत्मा-परिवर्तन ॥

१२५. शाण्डिल्य: गुरु! वेश्याक जान गेलनि?

१२६. साधु: लोक अपन जान नै हेरबै अछि मूर्ख! जिनगी हुनका लेल बड़ मूल्यवान अछि। कहू जे जिनगी तिनका छोड़ि गेलनि!

१२७. शाण्डिल्य: (तमसा कऽ) छि:, अहाँमे दया नै, प्रेम नै एक्कोरत्ती। कठोर हृदय, दुष्ट विलासी! क्रूर ठक बेलछिल्ला!

१२८. साधु: एकर माने की?

१२९. शाण्डिल्य: थम्हू, हम अहाँक हजार नाम शुरु मात्र केने छी! ... श्रीमान्, हम शोकमे छी। ओ हमर सम्बन्धी छली।

१३०. साधु: सम्बन्धी?

१३१. शाण्डिल्य: ओ कोनो साधु सन अछि; जकरामे प्रेम नै।

१३२. शाण्डिल्य: (वेश्या लग जाइत, कनैत) हे मालकिन! एतेक प्रेमी छल, एतेक नीकसँ झूमै छलौं!

१३३. परिचारिका २: श्रीमान्, अहाँकेँ की भेल?

१३४. शाण्डिल्य: प्रेम, आर किछु नै।

१३५. परिचारिका २: (स्वगत — लगसँ, मद्धिम) ठीके; सन्त सभमे सभक लेल करुणा होइ छै। (जोरसँ) श्रीमान्, थोड़े काल प्रतीक्षा करू जाधरि हम ओकर मायकेँ लऽ आनै छी।

१३६. शाण्डिल्य: देरी नै करिहह। माय-विहीन सभक लेल हम माय छी।

१३७. ध्वनि: दौगल डेग दूर जाइत।

१३८. शाण्डिल्य: ओ गेली। आब मोन भरि कऽ कानि सकै छी। ई बेचारी वेश्या जे एतेक नीकसँ चलै छली! (कानब)

१३९. साधु: शाण्डिल्य, ई नै करह! आउ, बेटा, थोड़ेक सीखह।

१४०. शाण्डिल्य: श्रीमान्, ई बेचारी स्त्री केना ठीक हेती? ... पाप अछि अहाँक योगक फल!

१४१. साधु: (स्वगत — लगसँ, मद्धिम, गम्भीर) ई बेचारा अखनो नै बुझैए जे साधु हएब माने नै बुझब जे की करबाक अछि। एकटा नियम छै जे महान शैव योग-आचार्यकेँ प्रकट कएल गेल छै: "शिष्यक करुणा आसक्तिकेँ प्रबल करै छै।" तखन हम एकरामे एकटा अन्तर्दृष्टि उत्पन्न करब। ठीक, ई सही योग अछि। ऐ योगसँ हम ऐ वेश्याक शरीरमे प्रवेश करब।

१४२. सङ्गीत: रहस्य-ध्वनि — तानपुराक कम्पन तीव्र, फेर मौन।

१४३. ध्वनि: गहींर साँसक ध्वनि; एकटा देह खसबाक धम्म; दोसर देहमे साँस घुरबाक ध्वनि।

१४४. कथावाचक: (मद्धिम) आ ई की! योगबलसँ साधुक प्राण अपन देह छोड़ि वेश्याक निष्प्राण देहमे पैसि गेल। साधुक देह अरड़ा कऽ खसल — आ वेश्या... उठि बैसली। मुदा स्वर? स्वरमे आब गुरुक गम्भीरता!

१४५. वेश्या: (गम्भीर, गुरु-स्वरक भाव) शाण्डिल्य, शाण्डिल्य!

१४६. शाण्डिल्य: (प्रसन्नतासँ) हँ! मालकिन, अहाँ जीवित छी, अहाँ पुनर्जन्म पेलौं! हम एतऽ छी, मालकिन!

१४७. वेश्या: (रुक्ष) गन्दा हाथसँ हमरा नै छुबह!

१४८. शाण्डिल्य: मुदा हम बहुत साफ छी!

१४९. वेश्या: आबह, बेटा, थोड़ेक सीखह।

१५०. शाण्डिल्य: (चकित) एत्तहु सीखहे पड़त! ... (साधुक शव लग जाइत, गम्भीर) श्रीमान्, दुखी छी, अहाँ मरि गेलौं। क्षमा करू, बक-बकिया, अति-योग-मनस्क गुरु! क्षमा करू, अध्यापक। ऐ तरहक प्रतिभाशाली सेहो मरैत अछि।

॥ खण्ड ७: माय, प्रेमी आ वैद्य ॥

१५१. ध्वनि: कइएक डेगक चाप लग अबैत; वृद्धाक हाँफब।

१५२. परिचारिका २: ऐ रस्तासँ, माय।

१५३. माय: हमर प्रिय कतऽ अछि?

१५४. परिचारिका २: ओ एतऽ अछि, ऐ कलममे, नागसँ काटल।

१५५. माय: आह, हम बरबाद भऽ गेलौं!

१५६. परिचारिका २: शान्त होउ, माय! मालकिन ठीक छथि!

१५७. माय: केना ठीक हेती? (लग जाइत) वसन्तसेना, हमर बेटी! की भऽ रहल अछि?

१५८. वेश्या: (गुरु-भाव) छुबू नै, बुढ़िया!

१५९. माय: अरे! एकर माने की?

१६०. परिचारिका २: बिख-माहुर माथमे पैसि गेल हएत।

१६१. माय: फुर्तीसँ वैद्यकेँ बजाउ!

१६२. ध्वनि: डेग दूर जाइत; फेर दोसर दिससँ डेग लग अबैत।

१६३. परिचारिका १: अहाँकेँ बेशी शक्ति भेटय, प्रेमी! हमर मालकिन अहाँकेँ नै देखि कऽ तड़पै छथि।

१६४. प्रेमी: (कोमल) आ हम सेहो ओइ मधुर गाबैबला, विशाल-आँखिबला मुँह देखऽ चाहै छी। (लग जाइत, चकित) की! ओ हमरा देखि मुँह फेरै छथि! हे वक्रांगी, अपन मुँह घुमाउ, पोखरिमे लहरिसँ थोड़ेक हिलायल कमल सन।

१६५. वेश्या: (क्रुद्ध, गुरु-भाव) दुष्ट! हमर आँचर छोड़ू!

१६६. प्रेमी: ई की अछि?

१६७. परिचारिका २: साँप काटलाक बादसँ ओ असंगत बोल बाजि रहल छथि।

१६८. प्रेमी: ओकर मन सत्ते बौरा गेल छै। बेचारी स्त्री शून्यमे डूमल, कोनो पवित्र मोनबला एकर शरीरकेँ अतिक्रमित केने बुझाइ छै।

१६९. ध्वनि: तेज, आडम्बरी डेगक चाप।

१७०. वैद्य: (प्रवेश करैत, आडम्बरी) ओ कतऽ छथि? ... ओ अपनामे नै छथि। सत्ते ओ नाग द्वारा आक्रमण आ काटल गेल छथि।

१७१. परिचारिका २: अहाँ केना बुझलौं?

१७२. वैद्य: जेना कहल जाइए, "माहुर-बिखसँ बड्ड फर्क पड़ै छै।" एकरा एतऽ आनू। हम माहुर-बिखक शास्त्रमे पारंगत छी। (मन्त्र-पाठक स्वरमे) छोटका घेराबा, जादूबला घेराबामे प्रवेश करह! ठाढ़, साँपक बेटा, ठाढ़! शान्त-शान्त! हम एकरासँ खून बहार करब। हमर छोटकी हाँसू कतऽ अछि?

१७३. वेश्या: (गुरु-भाव, तीक्ष्ण) मूर्ख, अपन काज बन्न करू!

१७४. वैद्य: आह! पित्त सेहो। वायु, पित्त वा कफ, सभ ठीक करब।

१७५. प्रेमी: प्रयत्न करू, श्रीमान्। अहाँ हमरा कृतघ्न नै पाएब।

१७६. वैद्य: हम एकटा बिख-झारनहारकेँ आनब जे बड़ सुन्दर गोली रखैत अछि। (डेग दूर जाइत)

१७७. कथावाचक: आ एम्हर, स्वर्गमे, यमराजक दरबारमे — दूत ठाढ़, आ यम क्रुद्ध। ई वसन्तसेना नहिये छली जकरा अनबाक छल!

१७८. ध्वनि: बसातक झोंक — दूतक वापसी।

१७९. दूत: (प्रतिध्वनि) वाह, यम हमरा छाउर नै बना देलनि! "ई वसन्तसेना नै!" ओ गरजला। "तुरन्त ओकरा आपस आनू!" ठीक अछि, जाधरि शरीर जरल नै हो, हम ओकरा पुनर्जीवित करब। (रुकैत, चकित) ओ तँ पहिनहिये उठि कऽ घूमि रहल छथि! ... ओह! ई कियो आन नै, महान योगी अपन खेल खेला रहल अछि। हम वेश्याक आत्माकेँ साधुक शरीरमे राखब, आ तखन वेश्याक जिनगी सही ठाम प्रवेश कराएब।

१८०. सङ्गीत: रहस्य-ध्वनि फेर; ध्वनि: साँस घुरबाक ध्वनि — आब साधुक देहमे।

१८१. दूत: देखू! स्त्रीक जीवनशक्ति ऐ पुण्यात्माक शरीरमे प्रवेश — ऐ साधुकेँ खराप कऽ देत चरित्र, नैतिकता आ यशमे।

१८२. साधु: (उठैत, स्त्रैण चंचल भाव) छोटकी कोइरी!

१८३. शाण्डिल्य: ओह, ओह, ओह! श्रेष्ठ फेर जी उठला! हम सदिखन सोचलौं ई बदमाश कखनो नै मरत।

१८४. साधु: (चंचल) प्रेमी, तोँ कतऽ छह, कतऽ छह? हमर आलिंगन करू!

१८५. शाण्डिल्य: जाउ ओइ गुलाबक झौँझक आलिंगन करू!

१८६. साधु: हे हमर प्रेमी, हम कतेक मूर्ख! हम मातल छी! चलू एक बेर आर पीबी।

१८७. शाण्डिल्य: जाउ, माहुर खाउ। (हँसैत, श्रोता दिस) ठीक अछि, हम बुझि लेलौं जे प्रहसन की होइ छै। ने साधु, नहिये वेश्या — ओकरा साधु-वेश्या कहि सकै छी। ठीक छै!

१८८. साधु: (चंचल) छोटकी कोइरी, छोटकी कोइरी, हमर आलिंगन करू!

१८९. परिचारिका २: दूर भागू!

१९०. माय: बेटी वसन्तसेना!

१९१. साधु: हम एतऽ छी, माय। नमस्कार, माय!

१९२. माय: मुदा श्रीमान्, की भऽ रहल अछि?

॥ खण्ड ८: वैद्यक पराजय, पुनः-परिवर्तन आ भरतवाक्य ॥

